

\*\*\*\*\*  
 RAGAD ADVERTENTIE:  
 Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—  
 Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi  
 kirang: f 0,50.  
 Advertentie limrah: f 0,15 sagaris:  
 (apes: f 1,25).  
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-  
 pisan, oetawi moendoet dados lengganan,  
 tepang rembag roemijin kalijan admini-  
 stratie.

Hoofdredacteur:  
**A. DJAJASEPOETRA.**  
 kabantoe  
 REDACTIE - COMMISSIE.

\*\*\*\*\*

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

== Medal saben dinten Djoemowah. ==

\*\*\*\*\*  
 REGINIPOEN LENGGANAN  
 SWARA TAMA

1 taon	f 6,—	} njoewoen kabajar roemijin.
1/2	f 3,—	
3 woean	f 1,50	

Adrèsipoen Redactie lan Administratie  
 IGNATIUS - COLLEGE  
 DJOKJAKARTA.  
 Telefoon no. 795.  
 \*\*\*\*\*  
 Drukkerij „Caastius” Djokja.

### ISIN IPOEN:

Soegeng rawoeh doemateng padoe-  
 ka rama kekalih—Gantos Redaktoer  
 — Bingah oegi soesah — Contardo  
 Ferrini — Mranata gesangipoen pi-  
 jambak—Ébahing Banjoemas—Cau-  
 seri saking Soerakarta — Poespita  
 mantja warna — Ontjen sekar gam-  
 bir melati — Oerap-sari — Corres-  
 pondentie.

### SOEGENG RAWOEH DOEMATENG PADOEKA RAMA KEKALIH.

Sampoen dangoe anggèn kita  
 ngadjeng-adjeng rawoeh Padoeka  
 rama kekalih, Pater A. Soekiman  
 S. J. sarta Pater A. Djajasepoetra S. J.  
 wonten ing tanah Djawi, kados déné  
 tiyang djaler ngadjeng-adjeng ing-  
 kang èstri ingkang saweg bobot  
 sepoeh toer mèh doemoegi lèkipoen  
 pisan, mangka sareng sampoen la-  
 hir, poen djabang baji kaparingan  
 rahajoe saha mijos kakoeng, èndah  
 kados-poendi ledjaring manahipoen  
 tiyang sepoehipoen kekalih, prasasat  
 tan kénging sineratan, makaten oegi  
 rawoeh padoeka rama kekalih.

Saweg kémawon pandjenengan ke-  
 kalih ngantjik tanah Tandjoengpriok  
 (Betawi) para sadèrèk kita Katholik  
 Djawi kilèn saha sanès-sanèsipoen  
 bangsa, sampoen katingal bingah  
 sanget ngoengkoeli bilih wonten  
 keraméan-keraméan, anampi rawoeh  
 padoeka rama kekalih wae, sanad-  
 jan ta para sadèrèk kita Katholik  
 Djawi kilènan saweg brikib-brikib  
 madjengipoen, éwa samanten boten  
 poeroen kantoen, namoeng kados  
 penonton, nanging toemandang ne-  
 dahaken kaprawiranipoen minggah  
 dateng boedi kamoeljan, boten kados  
 wingi-winginipoen. Kénginga kaoe-  
 pamèkaken rama superior Missie  
 Overste A. van Kalken S. J. dadosa  
 sesoelhipoen soewargi rama kita  
 van Lith, merlokaken tindak metoek  
 poetra kekalih dateng Betawi.

Rawoeh padoeka rama kekalih  
 Ngadjawi poenika, ndamel gontjang  
 sarta éwahing manahipoen para  
 sadèrèk kita katholik sadaja, poe-  
 napa malih dateng golongan sanès,  
 ingkang tansah ngoeopados  
 lepatung sastra oetawi kedaling  
 ILAT, djer ilat poenika, satoenggil-  
 ing pirantosoepèn manoesa ing-  
 kang saged damel rahajoe, bilih  
 patitis anggènipoen nindakaken,  
 ndamel tjilaka sateroesipoen ngantos  
 ngrisakaken dateng soekma, manawi  
 tiyang wae tansah lepat nandjakaken  
 ilatipoen, noeroeti golongan ingkang  
 tjengkah saking pranatan ingkang  
 tetep.

Panjoewoen kita dateng sadèrèk<sup>2</sup>  
 katholik sadaja, boten pilih sih,  
 poenapa malih ingkang roemaos SE-  
 KÈNG pitadosipoen dateng Pasa-  
 moewan Soetji Roomsch-Katho-  
 liek, kersa wiwit sapoenika dipoen-  
 kijat-kijataken saèstoe nanggoelang  
 dateng itjalipoen penjakit pest BO-  
 SENAN oetawi Aras-arsen enz. ké-  
 loe dateng djaman MODERNE, soe-  
 pados saged poelih malih kados  
 wae-waeroenipoen.

Tanpa kirang wewéka sadèrèk  
 pandjenengan ingkang sepoeh, ne-  
 noentoen manahipoen, sadèrèk-sadè-  
 rèk katholik moeda sapoenika, nan-  
 gning teksh kirang kijat oetawi boten  
 saged ngrangkani koedi, temahan se-  
 ring kémawon dados boten prajogi-  
 nipoen ingkang noentoen saha ing-  
 kang dipoentoentoen dateng lampah  
 saé wae, mila perloe njoewoen sih  
 berkah padoeka kekalih, rama!

Sarana rawoeh padoeka rama ke-  
 kalih Ngadjawi, boten kadosa kapi-  
 tadosanipoen para poetra, sadèrèk  
 katholik Djawi wae dados wewah  
 ageng, saingga boten gampil bilih  
 ladjeng kéloe dateng salah satoeng-  
 galing sadèrèk ingkang sami badé  
 oetawi sampoen njapèlèkaken sarta  
 ndamel margi ngadjak-adjak ngrisak  
 tiyang nglampahi kasaénan sapa-  
 noenggilanipoen.

Soegeng rawoeh X 2, padoeka  
 rama kekalih wonten dalem lami kados  
 Ngajogja saha Moentilan enz. kados

## RETRÈT.

Ing wiwitaning liboeran September nga-  
 djeng poenika ing Moentilan badé wonten  
 retrèt kanggé sadèrèk Djawi ingkang saged  
 tjara Wlandi. Sinten ingkang ngarsakaken  
 retrèt wae sasampoena rawoeh ing tang-  
 gal 24 September ngadjengaken wantji son-  
 ten. Déné toetoe ping retrèt tanggalipoen 27  
 wantji sijang bakda bedoeg. Wragadipoen  
 pondokan 5 roepijah.

Rector Xaverius College.

déné padoeka rama pater F. X. Sa-  
 timan, poenapa malih badé awrat  
 tetanggalanipoen, sanadjan ta sam-  
 poen kamestianipoen rama kekalih,  
 nanging bilih para kadang kita R.K.  
 sadaja kersa ambijantoe sakijatiipoen  
 pribadi, temtoe badé dados èntèng  
 saha gampil angadjengaken djem-  
 baring Missie sasaminipoen. Padoe-  
 ka rama kekalih mbokbilih ingkang  
 kinersakaken dados lampoe sorot  
 (zoeklicht) saged nenarik toer klajan  
 gampil manahipoen para sadèrèk  
 kita Djawi ing Noesaranta ingkang  
 taksih wonten pepeteng, ngambah  
 dateng margi ingkang padang, soe-  
 pados soemerep ingkang dados  
 koewadjabanipoen tiyang ngagesang.  
 Wasana para sadèrèk Katholik  
 Djawi mbang Wétan, kaparenga  
 oegi andèrèk asoeng basoeki, ra-  
 woeh pandjenengan padoeka rama  
 kekalih Ngadjawi wae.

Mitra toetoe lami,  
 dèn poeroetita sami,  
 neng Moentilan negri,  
 Rama van Lith swargi.  
 M S F.

### GANTOS HOOFDREDACTEUR.

Lantaran taman Swara-Tama  
 ngriki koela matoer noewoen:

1. dateng para sadèrèk, ingkang sam-  
 poen kersa ambijantoe serat kabar  
 kita awoedjoed karangan-karangan  
 oetawi pakabar.
2. dateng para lengganan sadaja, bo-  
 ten pilih-pilih. Awit poenika ing-  
 gih soeka pambijantoe ageng san-  
 get. Margi wontenipoen abonné,  
 serat kabar kita saged toemindak,  
 toer kénging dipoenwastani toe-  
 mindak saé. Menawi saged les-  
 tautoen makaten, Swara-Tama bo-  
 ten badé gering, nanging malah  
 badé saja bregas.

Manawi wonten sawenèhing sadè-  
 rèk ingkang moendoet priksa,  
 poenapa déné administratie boten  
 kendat-kendat ngèngetaken kawa-  
 djibanipoen para lengganan, soe-  
 pados énggal-énggal ambajar, sasaged-  
 saged ambajar roemijin (vooruitbe-  
 talen)?

Inggang makaten poenika sampo-  
 en samestiniipoen kémawon? djalaran  
 sampoen poeroen dados abonné  
 poenika tegesipoen, sapisan: poeroen  
 ambajar arta lengganan. Kaping ka-  
 lih: oepami wonten lengganan ing-  
 kang sampoen sawatawis woean  
 boten netepi kawadjabanipoen, kedah  
 kaènggetaken, sampoen ngantos teroes  
 kasoepèn. Kaping tiga: manawi sa-  
 daja priksa poenapa ingkang dados  
 sesanggènipoen, Swara-Tama saged  
 kaagengaken, sarana dipoenwewahi  
 lembaran nomer kalih, kados ingkang  
 naté katindakaken oegi. Inggang  
 makaten poenika mratandani, bilih  
 ingkang njepeng Swara-Tama babar  
 pisan boten wonten kamèlikanipoen;  
 dados samangsa saged mewahi lem-  
 baran nomer kalih, inggih kaetjaka-  
 ken. Tandang ingkang makaten poe-  
 nika mratjihnani oegi, bilih ingkang  
 dipoenodi saha ingkang dipoen-  
 eningaken namoeng adjenging Swa-  
 ra-Tama.

Serat kabar kita Swara-Tama sam-

poen saged madeg dados serat ming-  
 gon. Ananging poenapa sadé kèndel  
 samanten kémawon? Temtoe boten.  
 Mila manawi wonten sadèrèk ing-  
 kang oesoel oetawi soeka réka daja  
 sagedipoen Swara-Tama dipoenke-  
 repi wekdalipoen, oesoel wae tansah  
 kita patjak, soepados dados pangga-  
 libanipoen para maos.

Ing sapoenika kados-poendi ka-  
 wontenanipoen administratie? Poe-  
 napa lebeteng arta saged bèrès?  
 Wangsoelan koela pitakénan ing  
 nginggil poenika badé koela tjekak  
 kémawon. Sarta malih anggèn koela  
 poeroen mangsoeli saha prasasat  
 andjèrèng kawontenan wae: sepi-  
 san: sebab koela gadah kajakinan,  
 bilih para lengganan badé saja an-  
 gatasaken dateng kawadjabanipoen,  
 samangsa priksa, jèn artanipoen won-  
 ten tandjanipoen. Kaping kalih: sebab  
 koela gadah kajakinan, bilih para  
 lengganan boten badé ngoenandika  
 makaten: „déné koewi ija ora toena,  
 malah bisa toemindak apik; oepama  
 akoe ora mbajar, rak ija isih lakoe.”  
 Kaping tiganipoen: sebab koela ga-  
 dah kajakinan, bilih para lengganan  
 badé mongkog manahipoen, roemaos  
 saged nglestautoenaken koranipoen,  
 ladjeng badé saja sengkoe pambi-  
 jantoeipoen srana baec soekoe toe-  
 win banda; déné ingkang doemoegi  
 sapriki kèter, ladjeng dipoentetangi,  
 poeroen toemandang netepi kawa-  
 djibanipoen, kasoepèn ingkang sam-  
 poen-sampoen, wasana sadjadjar  
 kalijan sanèsipoen.

Soemangga sami ngetingalaken  
 kekijatan kita; sampoen tanggel-  
 tanggel anggèn kita toemandang;  
 sebab — lah poenika wangsoelan-  
 poen pitakénan ing nginggil — wekd-  
 al sapoenika Swara-Tama sampo-  
 en saged njampedi kabetahanipoen pi-  
 jambak nganggé arta ingkang loe-  
 mebet. Poenapa poenika boten boekti  
 ageng sanget, bilih Swara-Tama  
 poenika serat kabar kita pijambak?  
 dados inggih kedah kaagengaken?

Sasampoenipoen koela ngatoera-  
 ken goenging panoeuwen koela da-  
 teng para sadèrèk saha andjèntèrèh-  
 aken kawontenanipoen Swara-Tama  
 menggahing administratie salebeti-  
 poen wonten tjepangan koela, koela  
 soeka soemerep, bilih ing sapoenika-  
 nipoen ingkang anggentosi koela  
 dados hoofdredaktoer pandjenengan-  
 ipoen pastoor A. Djajasepoetra,  
 ingkang nembé rawoeh saking negari  
 Wlandi. Amoeng pamoedji koela  
 sageda Sw. Tm. saja moerakabi go-  
 trah Katholik, dados dedamelipoen  
 tiyang Katholik ingkang peng-  
 pengan.

Koela njèlèhaken pandamelan koela  
 poenika, sebab koela badé neroesa-  
 ken pasinaon koela dateng nagari  
 Wlandi. Pramila kantoen wiloed-  
 djeng. Moegi Pangéran maringaken  
 berkah Dalem ingkang katah dateng  
 pandjenengan sadaja.

B. Soemarna.

### BINGAH OEGI SOESAH.

Nalika tanggal 24 8-30 ing wétan  
 Gréjka St. Joesoep Dk. wantji djam  
 9,30 kawontenaken pakempalan (pe-

panggihan) déning sadèrèk kakoeng  
 poetri ± 60. Sadaja wae dados  
 liding pakempalan „Rijajan” ingkang  
 kaajoman déning padoeka rama Frater  
 Soemarna S. J. Menggah toedjoeng  
 pepanggihan wae toemoedjoe da-  
 teng rama Frater kasebat, 1. matoer  
 sembah noewoen, déné sampo-  
 en karsa ngajomi kempalan wae; 2. nja-  
 osi tanda mripat; 3. andèrèkaken  
 soegeng tindak, widadaa ing margi  
 doemoejing endon pisan, kaboela  
 ing pandjangkanipoen ingkang ing  
 tembé badé moerakabi bangsa kita.  
 Inggih poenika badé neroesaken pa-  
 sinaonipoen dados „imam” sesare-  
 ngan kalijan rama F. Tjiptakoesoe-  
 ma lan F. de Quay; pamireng koela  
 tindakipoen bédjeng Rebo tg. 3  
 September 1930 mantjal saking pa-  
 laboehan Tandjoeng Priok.

Inggang medar sabda nalika poe-  
 nika wonten sadèrèk 6, kakoeng 4,  
 poetri 2; déné sesorah wae wosi-  
 poen sadaja kados ingkang kasebat  
 no. 1 — 3 ing nginggil. Inggih kados  
 poenapa kémawon soesahipoen kati-  
 lar rama pangajoman ingkang katah  
 lelabetanipoen toer sanget pangoe-  
 dinipoen soepados pakempalan saja  
 madjeng. Rama priksa poetra sami  
 soesah, bawanipoen witjaksana, pra-  
 mila énggal linipoer sadaja kanti  
 pangandika ingkang nenarik manah,  
 sarta djangji boten badé kesoepe-  
 n dateng sadaja liding pakempalan wa-  
 oe, nanging oegi moendoet pasoem-  
 bang sembahjangan amrih sageda  
 lestantoem kemoetan. Nanging kados  
 poenapa bingah saha mongkogipoen  
 para warga sareng mireng babgen-  
 tosing pangajoman; sinten ta kok  
 ngeget-egèti. Inggih tiyang meatas  
 angsal pangajoman „poetoe” sapoe-  
 nika badé angsal „sang dwidjawara”  
 (Imam), toer angsal ingkang djempol.  
 „La wong rama Djajasepoetra djaré”.  
 Wah pantjèn begdja sampéjan sa-  
 dèrèk rijajan. Angsal pangajoman  
 kok bregas. (Poetjoe di tjinta oelam  
 tiba). Panjoewoen koela kémawon  
 dateng sadèrèk rijajan, wiwit titi  
 mangsa poenika ingkang langkoeng  
 temen-temen anggèn sampéjan netepi  
 wadjab „awit poenapa boten lingsem  
 pangajomanipoen bregas, kok ing-  
 kang dipoenajomi bekok! Malah  
 sageda propaganda dateng sintena  
 kémawon soepados poeroena dados  
 warga rijajan. Dados ingkang nga-  
 jomi poenika boten gela.

Kinten koela kok wonten pamaos  
 ingkang moendoet priksa bab kemp-  
 alan rijajan; poenika kempalan poe-  
 napa? Nitik namanipoen rijajan,  
 poenika saking temboeng rijaja. Ma-  
 noet limrahipoen tiyang Katholik  
 poenika gadah nama Kath. Oepami  
 Maria, Michaël enz. Ing riki kemp-  
 alan wae sami moeljakaken rijaja-  
 nipoen warga ingkang saweg dong  
 kaleres dinten rijajanipoen (oatroun-  
 dag), srana warga sadaja njembah-  
 jangaken oepami 10 sembah bekti,  
 lan wonten warga 3 ingkang ang-  
 gènipoen tampi Komunie berkahipo-  
 en dipoensoekakaken ingkang dong  
 rijaja wae. Menawi wonten ingkang  
 betah ngertos bab poenika prajogi  
 moendoet statutenipoen dateng be-  
 stuur kempalan wae (adrès: Donatus  
 Djarkarsa, p/a Pastorje Dk.

Ing wasana pamoedji koela moegi-  
 moegi kempalan wae saja ngrebdaa  
 lan soembara ing poendi-poendi.  
 Sarta sepiasan engkas andèrèkaken  
 soegeng tindak dateng rama pang-  
 ajoman lan rama Tjipta toewin rama  
 de Quay, widadaa praptèng Neder-  
 land. Amin.

Sinerat ing Tem. Kls. 25 8-30.  
 Koela, warga anjar katon  
 Mr. Idnafa.

## PRADJA RAHAJOE.

CONTARDO FERRINI.  
 (Sambetipoen Sw. T. no. 34).

c. Wonten Berlijn.  
 Rèhning kala samanten kados  
 ingkang katrijosaken ing nginggil  
 maha-goeroe ingkang sami atel  
 ing babagan Pranatan Roem sami

ngasta Pamoelangan loehoer ing  
 tanah Djerman inggih poenika ing  
 negari Berlijn, Contardo kapilih  
 soepados noetoeagaken pasinaon-  
 ipoen wonten ngrika.

Awes dateng babajanipoen agami  
 Protèstian ing tanah léran, Contardo  
 boten kasoepèn niti lan mbargoen  
 dadanèling perang srana adamel  
 „Regolamento di vita” (Taaning  
 ngagesang) katjekak kados ngandap  
 poenika:

I. Tandoekkoe marang *Goesti  
 Allah* koedoe kaja matoer: „Koela  
 tresna dateng Pandjenengan Dalem”  
 lan kaparingan wangsoelan: „Ingsoen  
 semono oega tresna karo sira.”  
 Matoer: „Rama” lan Goesti ngandika  
 trenjoeh: „Poetraningsoen.” Moelané  
 akoe koedoe tansah ngantil ing asta  
 Dalem srana oerip resik lan andap  
 asor.

II. Adja nganti lali-lali iki pa-  
 moendoet *Pasamoewan Soetji*, jaikoe  
 akoe koedoe; ora ngendelaké ka-  
 pinterankoe, tansah noenggal Goesti  
 Allah, tansah kepénging marang ba-  
 rang kang langgeng, sabar ing  
 salebeting kasangsaran, resik lan  
 andap-asor.

III. Déné tandoekkoe marang  
*pepada* dikajaa marang Sang Kristoes.

Katjarjos, gesangipoen mahasisa-  
 wa Katholik Berlijn djeboel soelaja  
 sanget kalijan pangintenipoen Dr.  
 Ferrini, djer sadaja sami soetji-soe-  
 tji, saben dinten ndèrèk Mis Soetji,  
 sembahjang ngantos djam-djaman  
 lan sadaja sami golong dados sa-  
 abipraja; saminggoe sapisan sami  
 klempakan mawi kabokekanaan lan  
 kapoengkasan ing rerepèn soetji,  
 andadosaken gambiranipoen ingkang  
 mentas priksa. Boten dangoe Con-  
 tardo kagèndèng dados warganing  
 pakempalan Santo Vincentius lan  
 dados mitranipoen Zachariae van  
 Lingenthal sardjana ingkang saklang-  
 koeng witjaksana ingkang ajasa ta-  
 talesing pasinaon bab Pranatan  
 Roem — Istamboel.

### d. Maha-goeroe ing Pavia.

Ing taon 1882 Contardo kondoer  
 saking tanah Djerman ladjeng ngra-  
 woehi gedong-gedong boekoe ing-  
 kang misoewoer perloe niti priksa  
 bilih wonten kawroeh tjepangan-  
 ipoen ingkang kapendem.

Ing taon 1884 kadoemenengaken  
 mahagoeroe wonten Pavia ngasta  
 piwoelang bab babadipoen Pranatan  
 Roem. Énggal kémawon Dr. Con-  
 tardo Ferrini kawartosaken sardjana  
 poetoos tanpa t.mbang prakawis  
 Pranatan Roem.

Kala toemapakipoen djoemeneng  
 goeroe-agoeng pandjenenganipoen  
 jasa Regolamento di vita malih  
 asoeraos: „Miwiti lan moengkasi  
 dina-dina klawan tindak betjik; saben  
 dina tansah noenggal lan Pangéran,  
 oer p resik lan matiraga, nanging  
 adja gawé pitoenaning pasinaon.

Jèn moelang arep ndakarah-arah  
 mikolèhi marang soekmaning moerid  
 lan klawan sabar sarèh nanging  
 mawa greget.”

Moeridipoen sadaja sami neksèni,  
 bilih nijatipoen nginggil poenika  
 tansah katindakaken kanti sampoer-  
 na, sadaja sami kapeksa nggatosaken  
 piwoelangipoen, awit saking sagedi-  
 ipoen nggampilaken prakawis ing-  
 kang angèl-angèl. Jèn kaleres ngrem-  
 bag ingkang gegadangan lan  
 agami oetawi Goesti Allah, Dr.  
 Ferrini ladjeng kados dadakan lang-  
 koeng déning mitjara adamel geng-  
 ing gating moerid.

Bab bektinipoen kalijan Sakramèn  
 Maha Soetji lan remenipoen sem-  
 bahjang katingal anggènipoen kerep  
 sowan lan sembahjang djam-djaman  
 ngantos kaengelaken ing kantja goe-  
 roe makaten: „Sembahjang baé teka  
 diepeng-peng, nglirwakaké sing  
 perloe!” Déné wangsoelanipoen:  
 „Ora mengkon, malah marga akèh  
 anggonkoe sembahjang ikoe bisakoe  
 tansah netepi wadjab, bisakoe njing-  
 koer kasenangan nengenaké paga-  
 wéjan.”

e. Wonten ing Mesfina 1887.  
 Moeridipoen ingkang nama Mi-  
 chael Cresafulli soeka paseksèn

bilih Dr. Ferrini ing salebetipoen wonten ing Mesfina tansah nindakaken kados oengeling Regolamentoo damelanipoen.

Sanadjan sang winasis samangé sampoen misoewoer, dados pepénginanipoen sekolahan - sekolahan loehoer, éwasamanten taksih pangah andap - asor, boten naté mikan-toekaken kaloewihanipoen samangsa wonten padjagongan, manawi ngandika pasadja sanget, énténgan lan gampang, béda kalijan tijang misoewoer sanèsipoen ingkang ladjeng kerep nganggé watak ambeg.

#### f. Wonten Modéna 1890 — 1894.

Réhning kala samanten mitra-mitranipoen sampoen sami émah-émah, Dr. Ferrini ladjeng awis-awis ngintoeni serah, awit nggali kirang perloe, djer sémahipoen pijambak temtoe sampoen soeka rembag lan pangliptoe ing salebeting reribed. Déné kasoetjijaniipoen pijambak saja mindak - mindak rikat sanget ngantos Rama Christiaan Ludwig S. J. amastani: „sang pinilih.” Genging pasadjanipoen amratandani lebeting pangandelipoen.

Nalika mitranipoen Dr. Luigi Olivi ngandika bilih kanggénipoen tijang Katoelik wonten margi kalih ingkang andjog ing karahajon, inggih poenika: émah - émah oetawi mlebet ing wihara, wangsoelanipoen Dr. Ferrini: „In domo Patris mei mansiones multae (Dalemé Rama akéh bangsalé). Pandjenenganipoen pantjèn kapidji dados papadanging maha-siswa lan maha-goeroe sanèsipoen ing pamoe-langan loehoer. Ageng sanget pakoermatanipoen dateng pangkat wadat lan pirsamengah ing wohipoen awit naté ngandika:

„O moeda ambeg pinoendjoel, ingkang toemoengkoel nampeni tonsoerah lan mantep njadong berkah Kaimaman saking Biskop, poenapaa pandjenengan teka soempah nampik tjalon soekaning ngagesang ingkang badé doemawah, djandji apoenagi gesang tanpa kanta tanpa kanti, boten kapéngin dateng poetra loeloet ing rama? — Makaten oedjaring donja, mratandani boten mangertosipoen. awit daja santosaning Hjang Maha Loehoer badé ngaebi pandjenengan lan mbabar poetra énggal kados Santo Paulus, inggih poenika wohing loeh lan sembahjangan ingkang badé soemorit goembéjar kados lintang abjor - njoroti margi pandjenengan mbéndjing jèn kondoer dateng ngalam peteng.

„Wanodya nedeng aném, poenapaa mboetjal réma rengganing moestaka? . . . . . poenapaa roetjat boesana patjakan péni gantos ageman kasar adiwoed-diwoed, . . . . . poenapaa nampik tresna roemaketing prija pipingitaning Hjang Widi tjalon sihaning ngagesang? mBok inggih ngémoeti gandes loewesing pasemom landep-tjepeting panggrahita! O, teka tegel temen, boten éman mendem slira roeroeh wonten ing wihara sepi samoen boten bènèh lan makaman! — Makaten aloking donja, boten mangertos bilih daja - santosaning Hjang Maha Loehoer badé ngaebi pandjenengan, bilih wonten ing bangsal Dalem Pangéran pandjenengan badé rinoban ing panggalih, bilih kanti Pangéran pandjenengan badé ngloewari soekma - soekma saking panasaran, srana dajaning sembahjangan, soenging anglir koerban lan toelada pandjenengan.

Gesang wadat dinerasan ing Hjang Roh Soetji pantjèn toetoenggoeling ngagesang, loehoer soeboer tanpa timbang.

Poenapa Dr. Ferrini prasertija wadat poenapa boten, boten wonten ingkang ngertos; sanadyan iboenipoen ingkang kapéngin sanget momong mantoe, namoeng kaarem-areman: „Iboe, koela boten kober mi-kir ingkang makaten.”

W. S. — P.  
Badé kasambet.

## KABAR SAKING ADMINISTRATIE.

Katah lengganan ingkang klintoe tapi: Postwissel nembé mangké poenika boten kanggé nagih, nanging kanggé njoewoen oeroenan moergan (f 2,50) manoe karanjanipoen Toetiboedhiati.

Overgeplaatst, ingaande 3 September 1930 de 1ste klerk b/d Centrale Gevangenis te Pamekasan (Oost. Madoera), Eustachius Soeradji, naar de strafgevangenis te Ambarawa.

## MRANATA GESANGIPOEN PIJAMBAK.

Boten kirang - kirang tijang ingkang pantjènipoen saged sakétja gesangipoen, nanging margi boten dipoenpranata, ladjeng boten kanten-kantenan, kaprag ing sesakit, soegih samboetan lsp.

Tijang ingkang tjepeng damel oepaminipoen moelang, mangka daloe kerep ngantos melék doemoegi djam 11 — 2, poenika nama boten mranata gesangipoen. Poenika boten lami temtoe sakit. Sapoenika roemaos taksih nèm, kijat. Poenika njata sadaja, nanging dipoenjektosi kémawon ing béndjingipoen. Boten sandé badé ngandika: „Ngertia nèk ngéné, bijèn akoe ora kerep lèk - lèkan.”

Toemrap sadèrèk Katoelik kados déné golongan goeroe, ingkang tjaket Grédja saged mranata gesangipoen kados makaten: wongoe djam gangsal langkoeng suprasakawan oetawi djam nèm, ladjeng djam 6 ndèrèk Mis, kondoer sarapan, bakda sarapan tindak dateng pamoe-langan.

Bab moelang kadamel: mondeling ladjeng schriftelijk, ladjeng mondeling, selang-seling soepados goeroe lan moerid boten énggal kesel. Bakda moelang, noenten dahar, sagarwa poetra. Sasampoening dahar, lenggahan sawatawis dangoenipoen, ladjeng ngaso saré (saréan). Bakda saré, ladjeng siram, ngoendjoek wédang, noenten mriksa garapan. Sadèrèngipoen peteng, ameng-ameng sakedap, Kondoer, ladjeng njamboet damel, njadiakaken woelang éndjing tjandakipoen. Dahar, lelanggahan ladjeng djam 9 oetawi 9.30 mapan saré.

Inkang kados makaten poenika nama gesang mawi pranatan. Masti kémawon boten angger tijang sami anggénipoen mranata, sarta kadang kala wonten njebalipoen saking pranatan. Nanging jèn badé sakétja gesangipoen, kedah dipoenpranata.

Bab pamedal makaten oegi. Wonten sawenèhing tijang, nalika blandja f 20 adjeg kirang, sambatipoen „wong ming rong poeloeh!”, sareng sampoen blandja f 40 inggih meksa taksih kirang „oepama bajarkoe sawidak, ora-orané nèk koerang!” Tijang kados makaten poenika bajara f 60 inggih temtoe badé kirang, amargi tanpa pranatan.

Toemrap golongan Katoelik, Santo Joakim, Rama Dalem Dèwi Marijah poenika kènging kanggé tjontro. Pamedalipoen kapranata, ingkang 1/3 nipoen kanggé tijang miskin, 1/3 malih kanggé oeroen - oeroen wragadipoen padaleman soetji, déné 1/3 tirahanipoen kanggé sarajat. Santo Joakim poenika boten mlarat, nanging inggih boten soegih. Margi saking sadaja - sadaja dipoenpranata, donja ngakiripoen boten kapinten.

Masti kémawon, kadjeng koela boten teka soepados para sadèrèk mratiga pamedalipoen. Saged makaten inggih sokoer! Kadjeng koela namoeng sami karsaa mranata oepami 10/0, 20/0 . . . . . kanggé Missie 10/0, 20/0 . . . . . kanggé dana tijang miskin. Kekantoeanipoen 10/0 dipoentjèlengi woedjoed arta, awit manoengsa poenika asring wonten ngaralipoen. Angsal tilgram sadèrèk sakit sanget, jèn ngriki noedjoe sepen arta, kepeksa njamboet dateng lintah darat oetawi ngantos-ngantosaken. Déné tirahaning pamedal poenika kanggé manganggé lan neda. Nanging poenika inggih oegi kedah kapranata, sarana ngwontenaken tjatetan (boekhouden).

Atoer koela ing nginggil poenika bokmanawi katah ingkang anggoedjeng. Nanging mangga kémawon kaetjakaken. Mangké manawi gesang pandjenengan margi kapranata, malah saja awon, boten saged dados saé, koela trimah dipoen-gegoedjeng. poen P. D.

## E C O N O M I E.

### ÉBAHING COOPERATIE ING BANJOEMAS.

Sampoen wola-wali ing kita Banjoemas dipoendegi Cooperatie saking golongan B. O., goeroe lss., nanging kawontenanipoen tansah woek tanpa dados. Poenapa ta ingkang dados sebabipoen? . . . . . koela pijambak boten mangertos, bokmanawi kémawon margi sami déné dèrèng mangertosipoen dateng lampah-lampah toewin azas-azasing Cooperatie waoe. Éwasamanten B. O. afd. Banjoemas meksa dèrèng telas ing pangadjeng - adjengipoen, nedya toemandang ingkang saestoe, soepados widji-widjining raos Cooperatie ing Banjoemas waoe sageda kelampah toewoeh ingkang maramaken manah. Menggah rékajonipoen: sarana njoewoen sesoeloeh dateng kantor dienst Cooperatie ing Weltevreden, panjoewoenan poenika oegi dipoenleksanani.

Sadèrèk R. Margono, inggih poenika satoenggiling Inspektur Cooperatie, kaetoès déning kantor dienst Cooperatie soepados paring sesoeloeh dateng para sadèrèk ing Banjoemas.

Nalika dinten malem Rebo kapengker 12/13 Aug. 1930 sad. R. Margono ndamel openbaar lezing, manggèn wonten ing Societeit „Éko Tjipto”, koela oegi dipoenkabari déning satoenggiling kantja ing Bms. Saladjengipoen sad. R. Margono ladjeng ndamel cursus Cooperatie, ngantos seminggoe lamini-poen.

Wonten ing lezingipoen R. Margono, wonten prekawis ingkang perloe sanget kita pèngeti ingkang wosipoen kènging koela tjekak mekaten:

„Bilih sadjatosipoen Kg. Pameréntah sampoen dangoe angadjeng-adjeng sanget dateng samenwerkingipoen kita Indonesiers. Dados

### VAN LITH-STICHTING.

Poenapa  
woelan poenika  
pandjenengan sampoen  
maringi  
oetawi ngintoenaken  
contributie  
kanggé  
Van Lith-Stichting  
?

Penningmeester V. L. S.  
p/a 2e. Convict  
MOENTILAN N. I. S.

sampoen temtoe kémawon ingatasing Cooperatie kita oegi dipoenaken déning Kg. Pameréntah. Malah saged - saged Kg. Pameréntah oegi badé paring pangajoman lan pitoe-loengan dateng ingkang sami ambetahaken.”

Mila koela perloe sanget mèngeti bab poenika, awit boten kirang-kirang para wewakiling Pameréntah ingkang tekshis sami adrih dateng temboeng Cooperatie. Pengraosipoen Cooperatie mekaten éwoning gendroewo ingkang sok njaplok tijang. Penganggep mekaten waoe sampoen temtoe kémawon tjengkah kalijan kersaning Pameréntah. Mila jèn pantjèn pengendikanipoen R. Margono waoe leres, temtoenipoen Kg. Pameréntah inggih boten badé kawraton njirnakaken panganggep - panganggep ingkang kados mekaten waoe; djer ingkang mekaten poenika, saged adamel tjabar lan sandéning karekat kita babagan Cooperatie.

Para sadèrèk! koela Banjoemasers, wadjib matoer noewoen sanget dateng kamirahanipoen kantor dienst Coop. lan dateng R. Margono, déné sampoen karsa paring pepadang dateng manah kita ingkang waoenipoen tansah peteng ingatasipoen seserepan bab Cooperatie. Sanadjan dèrèng saged padang blas, nanging koela pitados bilih sesoelihipoen R. Margono waoe badé ndajani ageng sanget ingatasing Cooperatie Bms. ? Pélog.

## ONDERWIJS.

### CAUSERI SAKING SOERAKARTA.

I. Pamoelangan énggal!  
Ing wekdal poenika missie ing Solo bikak pamoelangan énggal i.p.: Meisjesvervolgschool, manggèn ing kampoeng Bramantakan. Kala dinten Slasa 19-8-'30 poenika pamoelangan waoe kabikak mawi keramejan sawatawis.  
Kedjawi poenika ing Solo sapoe-

## POESPITA MANTJA WARNA.

FIRMA R. OGAWA NJEBAR . . . . . ?!

(Kaoem Goeroe — awas!!!)

Dèrèng dangoe poenika, koela tampi serah saking mitra koela ing Soerakarta — njarijosaken bilih Firma R. Ogawa & Co. ing Ketandan Solo — ngedalaken prijsvraag special kanggé laré-laré! Sinten ingkang saged mbatang badé tampi presèn „vulpen” makaten oegi oeger wonten laré ingkang mbekta prijsvraag waoe ingkang sampoen dipoenisèni, tampi potlod tjap baja, makaten oegi katah sanget ingkang tampi boekoe „Moestika”.

Ombjaking laré djaler èstri ingkang mbekta prijsvraag waoe kènging koela tjekak — ramé; sami reboet doetjeng — adoe kabegdjan.

Kabaripoen katah pamoe-langan<sup>2</sup> ingkang angsal kertas prijsvraag waoe, soepados kaedoe dateng moerid<sup>2</sup>, dados oegi ateges katah moerid<sup>2</sup> ingkang tampi potlod tjap baja. Makaten oegi boekoe advertentie „Moestika”.

Para sadèrèk!

Pandjenengan temtoe priksa — poenapa ingkang dados gémbolanipoen Firma R. Ogawa, ngedalaken prijsvraag waoe — boten lija namoeng badé ngoedi moerih tokonipoen saged laris —. Actie ingkang kados makaten koela boten badé ambil poesing — nanging ingriki réhning wonten babagan ingkang badé damel kapitoe-nan ageng kanggéning kasoesilanipoen anak<sup>2</sup> kita — ingkang saweg kita bangoen kanti bersoesah pajah, mila perloe jèn bab poenika koela tjagoelaken ingriki, inggih poenika gegajoetan kalijan wedaling boekoe „moestika” waoe!

Kanti tjekak aos, boekoe waoe isinipoen katah ingkang „vies” — wisa ageng kanggéning kasoesilanipoen anak<sup>2</sup> kita!! Krowaking kasoesilanipoen moerid<sup>2</sup> waoe, adamel pitoe-nana ageng kanggéning bangsa Indonesiah!!

Gegajoetan kalijan actie Firma R. Ogawa kasboet nginggil — manoe tjrijosing mitra koela waoe, wonten satoenggiling sadèrèk Goeroe Katholiek ing Solo — ingkang ladjeng damel actie — tjaoes pepèngget dateng goeroe<sup>2</sup> Missie — bilih wonten prakawis ingkang badé adamel kapitoe-

nika wonten cursus goeroe doesoen kanggé laré-laré èstri!! Solo — vooruit!

II. Pleno Verbondsbestuursvergadering P. G. H. B.!!

Poetoesan Pleno Verbondsbestuursvergadering P. G. H. B. ingkang koela pieng i.p.:

- Wolèan Februari badé ngawontenaken Congres!
- Tjalon ngawontenaken pilihan warga V. B. P. G. H. B. makaten oegi Hoofdbestuur saking groep-bonden i. p.: P. G. D. — P. G. B. — P. N. S. — K. B. — H. K. S. B. — P. G. A. S. lan S. O.!
- Béndjing Desember V. B. P. G. H. B. badé njamboet damel sesarengan kalijan B. O. ngawontenaken onderwijscongres — perloe ngrembag prakawis onderwijs ingkang mligi kanggé bangsa Indonesiër. Ingkang katoeding dados preadviseurs prakawis waoe sad: Soehodo: Soemitra lan sad: Soetédja, sami djempolan ing Solo!

III. P. N. S. tjab: Soerakarta!

Mentas ngawontenaken parepatan; ingkang rawoeh njenengaken sanadjan saweg njarengi wonten repetitie kanggé oebade: Rembag: ingkang perloe:

- P. N. S. tjabang Solo boten badé toemoet tjampoer tangan lan Motie Banjoemas!
- Kwestie Salatiga — P. N. S. tjabang Solo goemoen déné th. 30 wonten tindak kados makaten: saba memoedji moegi-moegi tindakipoen H. B. angsal damel:
- P. N. S. mbabar poetra — woedjoe C. M. P. N. S.; toedjoe badé toemoet mandjoeroeng karangan kanggé P. G.
- Holl. middag cursus P. G. H. B. — P. N. S. toemindak boten ngoetjwani, sanadjan dèrèng nama maramaken sanget.
- Lezing saking sadèrèk S. K. Soekatja bab prakawis Vakkbeweging — langkoeng - langkoeng Vakkbeweging goeroe!! Wosipoen kanti tjekak aos! Spreker njarijosaken katyasanipoen P. G. H. B., labetipoen P. G. H. B. dateng Iboe Indonesia — katah sanget; éwasamanten kaoem goeroe taksih angsal tjap: *kaoem mintamintaminta, min-ta tambah gadjih!* Toedjoenipoen vakkbeweging goeroe wonten kalih warni i.p. kanggé eigenbelang (kabethanipoen goeroe - goeroe pi-

nan kita — tjaoes pepèngget, soepados ngoepados réka daja kados - poendi anak<sup>2</sup> kita — momongan kita — sampoen ngantos krowak kasoesilanipoen kamangsa ing „Moestika”; actie kasboet nginggil, tinampi kanti bingahing manah, déning kadang<sup>2</sup> kita — makaten oegi ladjeng nindakaken actie ing saperloenipoen — sampoen ngantos wisa waoe, ngéngingi anak-anak kita — malah wonten ingkang toeroes karembag wonten ing „School-vergadering”.

Para sadèrèk — actie ingkang kados mekaten „Treggana” sanget ngaosi!!

Wonten oegi salah satoenggiling kadang kita ingkang badé ngrembag bab poenika kalijan Firma kasboet ing nginggil, nerangaken bilih . . . ?!

Bravo — kangmas!!

Para sadèrèk!!

Inkang koela atoeraken ing nginggil waoe — actienipoen para goeroe<sup>2</sup> Missie ing Soerakarta! Sapoenika kados - poendi kanggéning goeroe<sup>2</sup> pamoe-langan Goepermèn oetawi pakempalan<sup>2</sup> sanès, koela dèrèng saged ngatoeraken — namoeng tjrijosingipoen mitra koela waoe, kadang<sup>2</sup> kita oegi sami sagah noelarakan kabar<sup>2</sup> waoe, dateng ndjawi kikis, moerih kasoesilaning anak<sup>2</sup> kita boten kamangsa ing „Moestika”.

Moerih bab ingkang damel pitoe-na dateng anak<sup>2</sup> kita — énggal saged kabéngkas — kaparenga koela tjaoes rembag dateng sadèrèk<sup>2</sup> goeroe — poenapa boten prajogi jèn bab poenika kalebetaken agenda, karembag mbéndjing „Hoofdenbijeenkost” (Kempalan para mantri-mantri goeroe, wonten ing Schoolopzieneren), — kados - poendi prajogining rembag lan lampah!!

Panjoewoen koela dateng sadèrèk wakiling pamoe-langan Missie kaparenga manggalih atoer koela poenika!

Para sadèrèk — kaoem goeroe — ingkang waspada — sawingkinging poetra<sup>2</sup> pandjenengan wonten sima ingkang ngisis sijoeng! Jèn pandjenengan kirang „MOELAT” pakarjan pandjenengan ingkang mataoentaen, badé tanpa goena!

Wasana moegi dadosa panggalihan!  
koela bapaking moerid!  
„TRENGGANA”

jambak) lan kanggé algemeenebelang — kanggé kaperloeaning ra<sup>2</sup> jat Indonesia! Spreker roemaos soesah, déné ing kalangan P. N. S. badé petjah i. p. gegajoetan kalijan lahiripoen „Persaudaraan” ing Poerwakerta. — Jèn dèrèng maram kalijan P. N. S. wekdal poenika, prajogi kaéwahan actienipoen, kadadosaken abrit, djambon, belang bonteng poenapa kados - poendi, wontenipoen taksih dados satoenggal!

f). Pados derma kanggé mitoe-loengi salah satoenggiling sadèrèk — angsal f 12,56—

IV. Peken malem!

Gandèng kalijan pahargjan 50 taonan poenika: ing Solo badé kawontenaken pekem malem; kabar lamini-poen 4 dinten i.p. tg. 30 Aug. — 2 September.

(Tjah Timoeran).

Bikakan Vervolgschool  
Mardiwara Soerakarta!  
(19 - 8 - '30).

Saking sad. goeroe ing pamoe-langan énggal kasboet nginggil c.c. Sl. tampi verslag bikakan pamoe-langan waoe; wosipoen makaten:

Feest dipoendatengi tijang ± 300; ing antawisipoen poenika: Rama Pastoor H. Koch, C. Versteegh — J. Schots — Panéwoe Mangkoenegar — pangrèh Melania Soerakarta — oetoesan Pangrèh Melania Ponorogo; Schoolopziener lan tamoe-tamoe makaten oegi tijang sepoehing moerid!

Woedjoeding programa: 1e. Toean roemah atas namaning bangsa Indonesia matoer noewoen dateng lelabetanipoen pakempalan Melania i. p. anggénipoen kersa jasa pamoe-langan èstoe! atoer sanès-sanèsipoen toemoedjoe dateng tijang sepoehing moerid toewin para tamoe. 2e. Pamedar sabdanipoen Rama H. Koch toewin sadèrèk sanès - sanèsipoen kalebet Mevr. H. Poerwaatmadja lan wakil pakempalan Melania afd. Panaraga. 3e. Feest karenggaken mawi sekar Djawi — lan standen (soembangan St. School Madyataman).

### CORRESPONDENTIE.

Sampoen tampi arta f 5.— saking sad Wagjoen Reksasiswaja; f 3.— kanggé Swara-Tama, f 2.— kanggé Soera-Katholiek.  
Karangan ingkang dèrèng kapatjak poen srantosaken roemijini; kirang papan.  
Sajembara kepjakanipoen minggoe ngadjeng.

### Rawoehipoen Pastoor Djawi.

Kala Setoe 23 poenika, pandjenganipoen Rama Djajasepoetra toewin Soekiman saèstoe sampoen rawoeh ing Ngajogjakarta, djam 6 sonten. Katah sanget wandawa Katholik ingkang sami metoek wonten setatsijoen, kalebet oegi pandjenganipoen Rama Sträter, Satiman lss. Nguhadiipoen, djam 6 éndjing ing Grédja Kidoel Lodji toewin Kotabaroe, kebak tijang sami andèrèk Mis-ipoen Rama kekalih kaseboet nginggil.

Senèn sonten, komité Ngajogjakarta, ngatoeraken pambagja wiloe-djeng wonten papan dolanan laré-laré ing Broederan Kidoel Lodji. Ingkang sami mrelokaken damel regenging pahargjan, prijantoeun 500 san, kalebet oegi pandjenganipoen Rama-rama Pastoor Walandi, toewan-toewan Broeder, toewin tamoe-tamoe Walandi.

Sadèrèk Soegiri atas namanipoen kadang Katholik Djawi ngatoeraken pambagja wiloe-djeng, saha bingahing manahipoen déné sampoen gadah Imam Djawi malih kalih. ingkang tjalon dados tjoetjoeking ngajoeda ngajomi wadyabala sétan.

Kala semanten oegi wonten prijantoeun Walandi ingkang asoeng pambagja atas namanipoen gotrah Katholik Walandi.

Tetingalan ing daloe waoe panembrama; srimpi laré alit; perang satrija denawa, laré alit; katingal sanget adamel *maremipoen* sadaja ingkang mriksani, langkoeng-langkoeng pandjenganipoen Rama kekalih, ingkang salebetipoen 14 taoen, boten naté midanget kekidoengan Djawi, poenapa déné gangsa toewin beksa.

Satelasing pahargjan, atas namanipoen Pastoor kekalih, pandjenganipoen Rama Djajasepoetra, mahjakaken gencing panarimah saha re-naning panggali, mawi basa Djawi krama. Sanadyan sampoen 14 taoen boten naté migoenakaken toewin midanget basa Djawi, éwasamanten inggih taksih katawis loewes. Anggèngèni watakeng rama, bapa, pandjenganipoen saklangkoengre-

na, déné poetraniipoen ing dinten waoe, sami bingah.

Pamoedoetipoen: moegi sadaja poetra-poetraniipoen samia *anetepi wadjibing Katholik*: manawi makaten panggalihaning Bapa, mesti lega, marem, mantep. Pandjenganipoen katawis saged anoejdjoé manahing poetra-poetraniipoen, ngantos sabensaben, kepireng swanten ger goemoedjeng... Sasampoenipoen makaten, tetijang sami ngdoeng,, „Djajéng gita” ingkang ing basa Walandi. „Aan U o Koning,” kanti gambiraning manah, . . . wasana ladjeng sami mantoek, kanti raosing tresna, lega, bekti, dateng ramanipoen.

### Tindak dateng nagari Walandi

Pandjenganipoen Frater B. Soemarna, toewin C. Tjiptakoesoema, bédjeng Senèn poenika, bidal saking Ngajogjakarta, ladjeng dintenipoen Rebo tanggal 3 September nitih baita de prins der Nederlanden, tindak dateng negari Walandi, perloe andoemoegèkaken pasinaonipoen dados Imam.

Gandèng, kalijan prakawis poenika, pangkat Hoofdredacteur ing serat kabar kita Swara Tama, ladjeng dipoen-gentosi pandjenganipoen Rama Djajasepoetra; déné redaktoer sanèsipoen taksih adjeg, i. p. P. Darmasepoetra toewin sadèrèk A.S. Dwidjasaraja.

Preloe koela pratélakaken, anggèn kita martosaken tindakipoen Fr. B. Soemarna poenika pantjèn kita djajag saweg sapoenika. Pamoedji koela, moegi tilas Hoofdredacteur kita waoe, sageda énggal kadoemoegèng poenapa ingkang ginajohé. Swara Tama dalah salengganganipoen, sami djoemoeroeng poedya basoeki, saha boten kesoepeun ngatoeraken gencing panoeuwoenipoen toemrap sadaja labetanipoen toemrap saéning Swara Tama. (Mriksanana Sw. Tw. katja satoenggal).

Semanten oegi dateng pandjenganipoen Fr. Tjiptakoesoema, ingkang wonten Ambarawa katah sanget labetipoen dateng Missie Djawi, . . . kita ngatoeraken soegeng tindak.

# KABAR OEMOEM

## INDONESIA.

### Koran kita.

Wiwit 1 September, Hoofdredacteur Swara Tama, gantos pandjenganipoen Rama Djajasepoetra, mawi kabijantoe redaktoer kekalih pandjenganipoen P. Darmasepoetra saha sadèrèk Dwidjasaraja. Moegi wonten astanipoen, Sw. T. saged mindak madjeng.

### Ngleresaken.

Oerap-sari Sw. Tm. no. 34. pawartos” Boten angsal dados warga Gemeente Raad,” ing pratélanipoen sad. P. ing ngandap wonten ingkang moengel” Semanten oegi ing Provinciale Raad, inggih boten kedah saged tjara Walandi” . . . poenika leresipoen „Semanten oegi enz. . . inggih kedah saged tjara Walandi” (Korèktor).

### Prakawis Basa Walandi ing G. R.

Gandèng kalijan prakawis „Boten kénging dados warga gemeenteraad „margi boten saged tjara Walandi, ing Sw. T. no. 34, sad. P. lengganan Sw. T. njerat malih mekaten:

Noewoen. „Locale Raden Ordonantie kados ingkang kapratélakaken ing petikan Het Nieuws, wonten Sw. T. no. 34. poenika, kanggé tanah Djawi sampoen boten kanggé, i. p. doemoegi „bestuurs hervorming”. Sapoenika ingkang kanggé Provincie-Ordonantie, stbl. 1924 no. 78 lss, saha „Stads-gemeente-ordonantie” kaseboet ing stbl. 1926, no. 365.

Locale Raden Ordonantie, poenika sapoenika taksih toemindak ing papan ingkang dérèng „hervormd” (binangoen), kadosdéné ing Soematra lss. Sinaosa tanah Djawi dérèng „hervormd” dados taksih wonten Gewestelijke Raad, gemeenteraad (gemeenteraad sapoenika ing tanah Djawi boten wonten ingkang wonten Stads-gemeenteraad), lid gemeenteraad inggih kénging, kedah, migoenakaken basa Wlandi (déné wet-ipoen *praktik* makaten, koela boten mangertos). Tjopi maosa serat. 6. lid 3, Locale Raden-ordonantie: „De eisch van het bezit van voldoende kennis van de Nederlandsche taal geldt niet voor de leden van andere raden dan gemeente raden”; dados jèn gewestelijke raad oepaminipoen, kénging mawi basa Indonesia (—poenika kanggé njalngi jèn wonten prijantoeun ingkang ambtshalve dados lid, oepaminipoen „Regent”—).

### Boepati Kristen.

Tilgram Darmokondo saking Jacatra 27 Aug. 30, njarijosaken kanti opisijil Raden Poedjo, Patih Kristen ing Djember kaangkat dados Boepati Poerbolinggo. Manoe tjarijosipoen pembantoe D.K. waoe, angkatan poenika adamel boten senenging raosipoen oemoem tetijang Islam, margi tjarijosipoen kom kaangkat dados Boepati, dados pangagenging kawoela (Volkshoofd) ingkang sami nglampahi Agami Islam. (Margi tampi kita papawartos saweg Kemis, dinten poenika kita kénging boten saged damel wawasan. Éwadéné koela tjtijil ngatoeraken kasoegegan).

### Semanten katranganipoen sadèrèk P. Kita matoer noewoen.

### Warandanipoen dokter Slamet.

Pandjenganan taksih kéngetan dokter Slamet ing Garoet ingkang pedjah kénging pest margi nglampahi wadjib poenika? Manoe tjarijosipoen A.I.D., warandanipoen dokter waoe, sawoelan-woelanipoen pikantoe arta pitoeloengan (onderstand) saking Nagari f 246,50.

### Tijang boetjalan Digoel ingkang kawangsoelaken.

Manoe tjarijosipoen *Bahagia*, sakedap malih wonten tijang boetjalan Digoel boten kirang saking 400 tijang, kawangsoelaken dateng papan aslinipoen soewaoe. Poenika wohing paniti priksanipoen delèr Hillen.

### Dirèktoer Onderwijs.

*Het Nieuws*, martosaken, bédjeng 17 October, pandjenganipoen dirèktoer Onderwijs t. Hardeman, rawoeh wonten Indonesia malih, nitih baita Sibajak. Sarawoehipoen, Prof. Schrieke wd. directeur onderwijis sapoenika ladjeng gentos perlop.

### Pedjah margi nglampahi wadjib.

Onder komisariss van politie ing Betawi. tw. Van Rees, nalika anindakaken wadjib anggalédah grijanipoen tijang anama Hadji Saimin, margi kadakwa gadah pistoel peteng, dipoenpistoele kadji waoe, kénging dadanipoen, ndadosaken lan tiwasipoen. T. Van Rees nilar sémah lan anak woloe, sarta anggènipoen njamboet damel sampoen 32 taoen. H. A. Saimin poenika doerdjana, lan Saimin poenika déné namanipoen loegoe. H. Saimin mladjeng kalijan mbekta pistoel. (*Bat. Nieuwsblad*).

### Dokter oentoe.

Warga Raad Kawoela t. Jahja, njoewoen soepados wonten dokter oentoe Goepermèn ingkang noeloengi tijang Priboemi, mawi bajaran mirah.

### Rena.

Ing Betawi sampoen madeg kantor pakabaran lan reklame anama Rena, tjekakan temboeng Reclame en Nieuws Agentschap. Bagéjan reclame dipoenjepeng G. Siagian, lan pérangan journalistiek dipoenjepeng t. Zainal, sakalih-kalihipoen naté njamboet damel-wonten Bintang Timoer. Koela pepoedji sageda mbédjeng angambari Aneta.

### Kabesmén ageng.

Ing Karangbidara, Semarang mentas wonten grija 6 kabesmén, kapi-toenèn wonten f 10.000. Ing kampoeng Bodjonglarong, Garoet, oegi mentas kabesmén ngloedesaken grija 36, lan loemboeng 3.

### Dipoenoekoem pedjah.

Pradata Militèr, andawahi oekoem pedjah dateng fuselier bangsa Ambon J. Saya ing tangsi Sanggau, Borneo Kilèn, margi medjahi sersan Djawi anama Soeratan, lan badé medjahi sersan bangsa Éropah.

Semanten oegi tijang ingkang medjahi assistent kebon bangsa Roes ing Dèli t. Dynipe, oegi kaeoekoem pedjah, Wonten serat papriksan katjarjosaken bilih anggènipoen koeli poenika ngantos medjahi t. D., margi boten tahan déning pangoempah-oempah toewin pipisoeh saking assistent waoe. Nanging oegi katjarjosaken bilih t. D. salaminipoen tansah saé roemengkoeh dateng koeli-koeli.

### Gendis.

A.I.D. martosaken bilih gendis tanah Djawi ingkang dipoenwrat S. S. salebetipoen 1 - 10 Agoestoos poenika soeda 400.000 tinimbang lan Agoestoos taoen kapengker, oegi ing wekdal waoe.

### KABAR NGAJOGJAKARTA.

— Tanggal 9 Sept. '30, Landbouw, Vee-teelt lan Nijverheidstoonstelling ingkang kasakawan, ing Pangasih, kabikak.

— Ing doesoen Plèrèt (Pandjatan) mentas wonten grija 72 dados awoe, margi lateo bedjeng. Kapitoenèn: ± f 5794,30.

— Medari wonten „Kresnafond,” (gandèng kalijan katjilakan ingkang doemawah Rm. Kresnaamidjaja.

— Hardjajaka koeli pabrik Randoegoenting dipoen-gebag Walandi masinis no. 3 ngantos toegel tangganipoen.

— Koela mireng pawartos, bédjeng 6 Sept. '30 B.O. badé damel parepatan oemoem, preloe angrembag Balé Agoeng.

— Ing Ngajodja badé wonten dagbida „Moeslimin” dipoenkemoedèni dokter Soekiman lan t. Sayuti Lubis.

— Sadèrèk Drijawongsa ingkang mlebet pakoendjaran 1 woelan margi persdelict sampoen medal.

— C. P. P. A. kabariipoen ngoeroes prakawis vrouwenhandel ing Banjoemas.

— P. P. P. H. -hoofdbest., kintoen lijst pitakènan, kanggé pados indakan blandja.

— Ing bawah Swoeogalor mentas wonten rosan 27 baoc kobong, samanten oegi ing bawah onderneming Magoewa ± 1/2 baoc.

### Goepernoer Soematra Wétan.

Toewan Ezerman kaangkat dados Goepernoer Soematra Wétan.

### Hoofdandil pinardjan.

Pawartos saking Médan 21 Aug. njarijosaken wonten Tionghoa né-néman sadasa mradjaja hoofdandil oemoer 60 taoen. Dada lan weteng kasoedoek mawi glati, sirahipoen dipoenantem, . . . andadosaken lan pedjahipoen. Ingkang lepat sampoen katjepeng poelisi, tijang dérèng saged soemerep poenapa sababipoen.

### Iksamen pagantosan.

Ing Karanganjat mentas wonten iksamen pagantosan, ingkang nglamar ± 1250, angsal toemoet iksamen ± 850, ingkang katrimah ± 200. Kawertos tanggal 18 Sept. ngadjeng poenika ing Magelang inggih badé wonten iksamen pagantosan. (*Sedya Tama*).

### Gemeente Raad Semarang.

Fractie Indonesier ing Gemeente raad Semarang, ngandidataken Mr. Soemardi tjalon wethouder, kanggé gentosipoen wethouder lami R. Slamet, awit kamanah R. Slamet poenika ambtenaar dados kirang mardika manawi nglahiraken pamanggih. Manawi Mr. Soemardi boten saged kapilih, sadaja warga tjang Siti badé medal. R. Slamet roemaos dipoensoedjanani fractie Indonesier, oegi badé kèndel saking gemeente raad. — Wasana fractie Indonesier anjondongi menawi pangangkatipoen wethouder tjang siti wonten parepatan gemeenteraad bédjeng tanggal 2 Sept. kémawon. Margi makaten, sadèrèk R. Slamet njandèkaken roemijin anggènipoen neda medal.

### Patroli dipoenlawan.

Bregada infanteri, nalika mlampah dateng Lopok (Soematra Wétan) nembé poenika dipoenpetoekaken tijang Gajo asendjata parang. Ingkang dipoenrah njawanipoen sersan-patroli-koemendan, nanging wiloe-djeng. Poen Gajo pijambak ketaton kabekta dateng grija sakit.

### Njoewoen éwahing poetoesan.

Djasman, ingkang medjahi assistent Dynine, ingkang pinoetoes oekoem pedjah, njoewoen pangadilan ingkang langkoeng inggil. Djaksa inggih neda dipoenpriksa pradata langkoeng inggil.

### Mépé koeli.

Warga Raad Kawoela Koesoema Oetajan, kala 2 April miterang dateng Paréntah, prakawis: Mitoeroet Volkscourant 22 Febr. '30 assistent kebon ing onderneming Belangkahan, amépé koeli, lan koeli waoe ambliogeng tanpa pangaggé. Assistent waoe loewar, margi wet boten saged ngoekoem tindak makaten.

Tanggal 14 Agoestoos '30, Paréntah paring wangsoelan: . . . . . assistent ing Belangkahan (Boven Langkat) poenika roemijin pantjèn

# ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

## POETOESAN PRADATA, ANGGOEMOENAKEN.

Sadèrèk, njawanipoen tijang poenika déné njawaning ajam. Mila, kedah boten dipoengegampil. Mila, sampoen goemampil nginggahaken tijang dateng pagantoengan!

Pandjenganan sampoen sami mireng, sawatawis woelan kapengker wonten assistent kebon bangsa Roeslan anama *Boris Dynine* ing onderneming Lima Poeloeh, dipoenpedjahi koeli. Lan, manoe poetoesanipoen pradata ing Tebing Tinggi nembé mangké, ingkang medjahi assistent waoe, dipoenoeoekoem pedjah.

Poenapa sebab-sebabipoen déné Landraad Tebing Tinggi ngantos andawahaken poetoesan makaten?

Mangga dipoenpriksani ing ngandap poenika:

a) Tanggal 24 Juni, kinten-kinten wantji djam 6 éndjing, koeli ingkang medjahi assistent waoe, margi kaséb datengipoen, dipoenpisoehi anak andjing, anak babi, lss. . . . . ladjeng dipoenpedjahi ngantos kaping kalih. Mangka, koeli poenika salaminipoen boten naté kaséb lss. . . . . amila tangganipoen assistent waoe, tinampi pasakitan adamel wirang, sarta badé ngempakaken wewales sarana parangipoen.

b) Pradata angakeni bilih Dynine ing tanggal waoe nandoekaken temboeng boten wonten dateng koeli poen pasakitan, lan paekoeman ingkang makaten waoe boten moerwat, mila lajak kémawon manawi pasakitan roemaos dipoenpakitaken manahipoen, ingkang toendonipoen ladjeng badé nandoekaken wewales sarana njoeblesaken blatnipoen.

c) Pradata jakin sanget, salaminipoen assistent Dynine boten naté daksija, boten naté main tendang, boten naté nandoekaken temboeng kasar dateng koeli-koelinipoen. Déné anggènipoen kala 24 Juni toemindak makaten waoe, kabekta saking kebetah sanget margi gesangng planter (gedwongen door de harde noodzaak van zijne plantersbestaan).

Dynine boten naté ngasar koeli-koeli, tansah saé dateng sanès. . . . . amila tandoekipoen kala samanten tetep kénging dipoenwastani remèh, oet. limrah kémawon.

d) Pasakitan pijambak, sadèrèngipoen poenika boten naté dipoenkasar Dynine, amila boten moerwat manawi nandoekaken wewales ingkang makaten, . . . . . lan pantjènipoen salebetipoen 1/2 dinten sabakdanipoen dipoenpakitaken waoe, ladjeng saged njandèkaken sedyanipoen.

e) Onderneming Lima Poeloeh poenika kawontenanipoen saé (normal).

f) Sanadjan wonten sangadjenging pradata, pasakitan ngatoeraken kedoeuwoengipoen, nanging oegi kettik bilih pasakitan sakalangkoeing lega. Kedjawi makaten, kedoeuwoengipoen waoe katawis boten temenan, wangsoel margi adrijihipoen kabekta saking watak ngoetjira, djirih (laffangst).

g) Anggènti waoe sadaja, anggènti bilih tijang saé-saé dipoenitjali njawanipoen krana sebab ingkang boten moerwat, saha andjagi katentremen oemoem, poenapa déné kanggé angajomi gesang sesarengan, . . . . . pradata moetoes, andawahaken oekoem pedjah.

Maos karampoengan ing nginggil poenika, . . . koela pantjèn goemoen.

„Marga si Dynine wong betjik, marga pasakitan doeroeng taon diserikaké, moelané nèk nandoekaké wawales kaja ngono koewi pantesé koedoe dioekoem pati.”

Sapoenika koela damel titimbangan:

a) Rèhné wateké wong Indonesiër, loewih seneng dikeproek endasé

tinimbang dipisoehi, tinimbang diendat-oendat nènèk mojangé, . . . moelané, ora maido manawa kagawa saka mata gelap, bandjoer nandoekaké wawales kang mangkono. Barang wis watek, keprijé manèh.

Dynine salawasé ora taoe kasar. Enggoné kasar dèk samana marga „gedwongen door de harde noodzaak van zijn planterbestaan.” Semono oega anggoné pasakitan toemindak mangkono, marga déning watak mangkono maoe. (Sampoen kesoepeun: nalika pasakitan dipoenpriksa mawi mratélanen: loewih betjik didoepak wetengkoet tinimbang dioenda mana nènèk mojangko).

b) „Marga Dynine wong betjik?, sadoeroengé koewi doeroeng taoe nandoekaké kasar, . . . enz. . . . moelané pasakitan dakoekoem pati.”

Sapoenika koela walik, . . . . . „Nèk ana assistent oet. toewan kebon tetéla kerep kasar, kerep misoeh (taoe kasar, taoe misoeh), kerep njoewijah si koeli, si pesakitan ija kerep pinisoehan, mangka bandjoer dibatjok nganti mati, . . . apa sing matèni maoe olèh pangapoera?”

Para sadèrèk! Tétéla sanget, bilih misoehipoen toewan kebon dateng koeli poenika mababaji sanget.

Prakawis ing nginggil, soeka piwoelang: preloe sanget toewan-toewan kebon kedah njoemerepi wawatekane ing koeli-koelinipoen.

Toewan-toewan kebon kedah mirengaken temboengipoen mr. dr. Fruin wakil sata Deli wonten Raad Kawoela soeraosipoen „mrajogèkaken manawi nagari paring pépèng dateng pakempalanipoen para assistent kebon ingkang soepados anggè-wahi tandoekipoen, djer sadaja pipisoeh, pangina lss. poenika medal saking tjangkempipoen assistent pijambak, boten saking kaeom madjikan.

Perloe sanget toewan-toewan kebon mirengaken sabdanipoen Wakil Pamaréntah wonten bagéjan Justitie, mr. J. J. Schrieke: „ . . . . . Dezelfde aandacht, die van ondernemerszijde wordt gewijd aan de tabakseige-naardigheden, het tabakszaad, de tabaksplant, en het tabaksblad, zal moeten worden gewijd aan de typisch menschelijke eigenschappen van koelies en assistenten (Enggoné para ondernemers anggatèkaké widji tembakosapanandoer lan pangoepakarané, bok ijaa dienggo nastitèkaké oega wawatekané koeli-koeli lan assistènt-assistènt kebon).

Gantoengan lan oekoeman sakedik dajanipoen, manawi toewan kebon pijambak boten saged njepeng kendali. Kumuningsaselé 24 Augustus '30. Taklim: *Patjar Mérah*.

### Tjara gambar sorot?

N. Soer. Crt., njarijosaken, ing Soerabaja mentas wonten njonjah, ± djam 11 daloe, dipoenbandang montoripoen Fiat ingkang wonten ing pakawisan. Kirang langkoeng djam 1 daloe, montor kawangsoelaken, tijang ingkang njoeroeng nglebetaken pakawisan Inlanders 4, . . . . . dipoenjepeng poelisi.

### Angobong majit.

Tanggal 8 September, ing Bali, 25 K.M. saking Den Pasar, badé wonten majit kaobong. Ingkang kaobong waoe majitipoen Déwa Gedé Mandra, kepala doesoan Pilatan, golongan satrija.

### Nglawan padagangan laré èstri.

Koemisi kanggé tjatjawis prakawis amerangi padagangan laré èstri ing th. Wétan, sampoen ngempal wonten Genève, dipoenpangarsani gezant Prantjis toewan Regnault, Prof. Marresco toemoet rerebagan wonten ngrikoe, angrembag kawontenan ing Indonesia. Ingkang lenggah wonten komisi: Bascom Johnson (Amerika), Charles Pindor (Prantjis) lan njonjah Sweden: Alina Sundquist. Sakedap malih badé pangkat dateng tanah Wétan.

### Zending Jahoedi.

Golongan Jahoedi oegi badé ngelar tebaning Agami Jahoedi. Grija sakit Zending ingkang badé kaedgaken ing Magelang badé pikantoe oeroenan f 6000 sataoen. Semanten oegi inggih ngoeroeni f 6000 kanggé Missionair Predikant bangsa Tionghoa toewin Djawi. Makaten oenggelipoen pawartos *Aneta Nipa* saking Arnhem 22 Aug. **Mijnbouwschool.** Mijnbouwschool Sawah Loento, manoe pratélanipoen toewan Lages,

ER  
R  
C  
E  
EReceipt<sup>2</sup>

APOTHEKEN

Rathkamp  
& Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGÈNT KANGGÉ SALEBETIPOEN  
NGAJOGJAKARTA.

Sepeda-sepeda merk:

SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer.  
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.  
TOURIST: A. A. sarta A.

Sedija oegi sepeda merk:

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —  
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG.  
Sarta malih sepeda mirah wijwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.—  
saprabetipoen: Kliting, pompa, lentéra sarta tas isi perka-  
kas koentji sarta wadah lisah.Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk:  
ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.  
Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen  
tosan sarta tjèt wenter.PENJADÉJAN KENTJÈNG SARTA KATJITJILAKEN.  
Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratélani-  
poen kalajan lelahanan.

Njenjadang Welingan.

Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij:  
„WIRJOSOESENO”

Lodjketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji  
dan Toekang emas.Adres jang  
moerahDJOKJA BANDOENG  
Telf. 252 Telf. 226boeat LONTJENG, HER-  
LODJI dan PERKAKAS  
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran

Swara Tama

dapat POTONGAN.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN  
SAÉ TOEWIN AWÈT  
INGGIH NAMOENG  
MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON  
DUNLOP } RIJWIELEN  
R. I. W.

Nitjil kènging! — Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG  
MALIOBORO — DJOKJA — TELEF. 508.

TOKO BARANG-BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.  
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;  
Kereta dan korsi boeat anak-anak;  
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan  
— permainan boeat anak-anak ketjil. —SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN  
MOERAH SEKALI!

Toko DJOEN &amp; Co., Djocja.

PATJINAN MOEKÀ TOKO FUJI — TELF. No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik  
boewat pembikinannya.ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan  
BESCHUIT-BESCHUIT KERING.SROETOE-SROETOE dan ROKOK-  
ROKOK, jang haloes dan kasar.Djoega slamanja djangan loepa minoem kita  
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die  
giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes  
dan kasar, menoeroet pembellie poenja perminta'an  
die tanggoeng sampee menjengken, harga per  
pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengan hormat  
Toko DJOEN & Co.

TJÈT GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

kawadahan ing blèg, netto 10 5 2½ 1 ½ kilo;

sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;

TJÈT GILAP model B, kanggé ndjawi lan nglebet

namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50;

5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R. B. FRIELING

Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6.-7.30.	Lamah 5.30-6-8.	Pekalongan <sup>3)</sup> 6.30-8.	Kepandjèn 6-7-9.
Amboina 7.30.	Lawang <sup>3)</sup> 7.	Pemangkat <sup>3)</sup> 8.30.	Anita Boul. 6-7.30-9.
Bagan Siapi-api 7.30.	Madioen 6-7.30.	Poerwokerto 7.30.	Soerakarta 6-7-8.30.
Bandoeng 6-7.30-9.	Magelang 7-9.	Poerworedjo 7-8.30.	Tandjoeng Balai 7.30.
Benkoelen 7.30-9.	Makassar 6-7.30.	Pontianak 7-8.30.	Tandjoeng Karang 8.
Blitar 7.30.	Malang 6-7.15-8.30.	Probolinggo 7.30.	Tandjoeng Sakti 7.30.
Buitenzorg 6-8.	Manado 6-7.30.	Salatiga 7.30.	Tara-Tara 7.30.
Cheribon 7.30.	Medan 6.30-8-8.30 (tjina).	Sambas 6-8.30.	Tegal 6.30-8.
Djember 7.30.	Medari <sup>4)</sup> 7.30.	Sambong 8.	Tering 7.
Djokja:	Meester Corn. 7-9.	Sawah Loento 7-8.30.	Tjilatjap <sup>5)</sup> 7.30.
Kampementstraat Eur. 7-9.	Jav. 6-8.	Sedajoe 7.	Tjimahi 6-8.
Kota Baroe 6-7.30.	Mendoet 6-7.30.	Sedjiram 5.45-8.30.	Tomohon 7-8-9.
Djombang <sup>1)</sup> 7.30.	Modjokerto 6-8.	Semarang: 6-8.	Wates <sup>7)</sup> 7.
Fort de Kock 7.30.	Moentilan 5-6-8.	Gedangan 6-8.	Weltevreden: 6-8.
Gandjoeran <sup>2)</sup> 7.	Muntok 8.	Bangkong 6.30-8.30.	Waterlooplein 5.45-7-9.
Gombong <sup>3)</sup> 7.30.	Ngawi <sup>7)</sup> 7.30.	Bangkoeng 7.30.	Kramat 6-8-9 (mal.).
Keboemèn <sup>4)</sup> 7.30.	Padang 7-8.15-9 (tjina).	Tjandi 7.30.	Wonosobo <sup>8)</sup> 7.30.
Kediri 7.30.	Padang Pandjang 7.30.	Randoesari 7-9.	Woloan 7.30.
Klatèn 7.30.	Pajakoembo 7.30.	Singkawang 6.30-9.	
Koeta Radja 6.30-8.	Palembang 7-9.	Soekaboemi 6-7.30.	
	Paseroean <sup>1)</sup> 7.30.	Heuvel 5.30.	
		Soerabaja:	

<sup>1)</sup> 1e. Achad. <sup>3)</sup> 2e. Achad. <sup>5)</sup> 1e., 2e., 4e. Achad. <sup>7)</sup> 3e. Achad.  
<sup>2)</sup> 1e. + 3e. Achad. <sup>4)</sup> 1e. Achad tjar² doea boelan. <sup>6)</sup> 2e., 4e. Achad. <sup>8)</sup> 3e. Achad.

Wakil Paréntah prakawis Jajasan-Negara, sataoen-taoenipoen angedal-aken laré 8.

Sataoen boten minggah pangkat.

Saking Departement B.B. badé wonten beslit anetepaken ing salebetipoen sataoen boten wonten inggah-inggahan pangkat (promotie) ing salebeting kalangan algemeene politie. (Soer. Hdbi).

Dokter énggal.

Katarimah iksamenipoen Nederlandsch Indische Artsenschool ing Soerabaja aseboetan Indisch Arts, toewan-toewan Aminoedin saking Bengkoelen lan Wirarena saking Magelang.

Éwah èngetanipoen.

Ing Sragèn mentas wonten mantri pemitjis, kala naqih paos, anjendjata tjang katah rambah kaping gangsal, nanging boten wonten ingkang ngéngingi. Mantri éwah waoe dipoentahan poelisi.

Rosan kabesmi.

Djoemoewah kapengker, kebon teboe gadabanipoen pabrik gendis „Kanigoro” Madioen, wonten ingkang kabesmi ngantos 45 baoc. Bokmanawi kabesmen waoe saking pandamelipoen tjang awon.

Indonesia — Australië.

Ing Bandoeng mentas njobi omong-omongan sarana radiotelefonie kalijan Australië.

Djempolan main tjatoer.

Dr. M. Eewe, kampijoen main tjatoer ing Nederland, salebetipoen minggoe kapengker sampoen dateng wonten Medan, sarta wonten ngrikoe dipoenajoni sawoeng 3 saking pakempalan tjatoer saha oegi kalijan tjang Batak-Karo. Dr. Eewe menang.

MANTJA NEGARI.

PARANGAKIK.

Ing poendi-poedni, wonten tjang

nganggoer katah, Inggris langkoeng saking 2 joeta, Itali langkoeng saking 1 joeta, Djerman kabaripoen malah langkoeng saking 3 joeta. . . nanging ing Frankrijk tetijang sami toemandang neda indaking bajaran, ngantos ngawontenaken pogokan.

Anggènipoen sadjak taksih soegih makaten poenika, kabekta saking sabab warni-warni, oepami margi patandon emas ing ngrika sapoenikanipoen sakalangoeng ageng, i.p. 46.061.061.000.000.— frans.

Dados wekdal sapoenika, ingkang soegih pijambak emas, Amerika, nomer kalihipoen Parangakik.

HINDIJA INGGRIS.

Pogokan koeli ing pakarjan marinebasis sapoenika sampoen kèndel. Koeli-koeli sampoen poeroen nglampahi, sanadjan bajaripoen kasoeda. Dirèksi adamel pradjandjijan prakawis pambajaripoen epahan manawi sakit oetawi manawi ngleresi djawah. Pogokan, tanpa teges, poenika. — Reresah taksih teroes.

—Wetgevend lichaam inggil pijambak, njowak idjab taksih laré. Laré djaler ingkang sampoen oemoer 16 taoen, saweg ingkengan ing wet, kènging émah-émah. Prakawis oemoer oemoeran poenika, dilalahipoen sami kalijan wawaton oemoer-oemoeran ing dalem Kerkeljik Wetboek.

Tetijang ngrikoe, inggil katah ingkang protest boten narimahaken sowakan prakawis poenika. Gologan Hindoe lan Islam djekèk sami andoewa sakajangipoen. Parté liberal sami seneng. Nanging tetijang inggil sami gadah panginten angger-angger prakawis poenika toemindakipoen tjalon boten saged resik, margi tetijang sami badé nindakaken sarana lampah dedemitan, ngantos poelisi boten saged ngoe-

koemaken. Para Missionaris sampoen mesti kémawon toemoet bingah, margi padatan makaten waoe oegi katindakaken déning sawenèhing tjang Katholiek. (Koerier).

AMERIKA.

Ford sasampoenipoen anindakaken pranatan sadinten njamboet damel 8 djam, lan minggoe njamboet damel gangsal dinten, oegi badé ngawontenaken pranatan sataoen kanggé sadasa woelan.

Prakawis poenika kamanah preloe sanget kanggé njakaken garapanipoen toekang. Wekdal kalih woelan ing mangsa bentèr (zonnemaanden) kaanggep boten saé kanggé njamboet damel; makaten tjarijsoepoen tilgram Reuter dateng Strits Times.

MESIR.

Panoentoening pergerakan wanita ing Mesir, sampoen katah ingkang wedalan pamoelangan inggil. Njolah Ahsan Hanim Pauzi, roemijin naté sakolah wonten pamoelangan loehoer Amerika ing kita Beirut.

BARITANIJAH.

Tjatjahipoen tjang nganggoer, tansah mindak-mindak. Kala woelan kapengker, wonten 1.939.900, oetawi langkoeng katah 803.236 tinimbang kala woelan Juli taoen kapengker.

DJEPANG.

Redi latoe Asamayama, 30 mil salèrkilènipoen Tokio kala 20 Agoestoès andjebloeg, andjalari lindoe santer ing kiwa tengen ngrikoe. Tjantang paredèn bangsa Djepang nènem, lan tjang èstri kalih, pedjah.

ROESLAN.

Manoet tjatetan, saben idjab 1000 poenika ingkang pegatan wonten 200 toemrap oemoer 18 lan 19 taoen, toewin 160, toemrap oemoer 16 lan 17 taoen.

NGOEPADOS

réntjang èstri (sokoer Katholiek), tjekap ing oemoer, mrantasi pendamelan ing pawon toewin kènging pinitados momong laré-laré.

Kanggé fam. J. C. O. Hadiwardaja  
Pagilaran Pekalongan.Blandja: f 5.— sawoelan. Neda toewin tilem nglebet. Katrangan dateng  
ADMINISTRATIE Swara Tama.

KLEERMAKER ACHMAD

TAMBAKSEGARAN

SOLO

Pantji soedija kanggé para kakoeng  
mawi modèl warni-warni; oegi nampi  
welingan badé roepi-roepi.DAMELANIPOEN NÈTJES:  
ÉPAHANIPOEN PANTES.

EIGENAAR ACHMADJASIN